ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ
JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

ÁJINIYAZ ATINDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK
PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

**T.Saparbaev., T.Baynazarov**

# QARAQALPAQ SHAŃARAQLARÍNDA UL BALALAR TÁRBIYASÍNÍŃ ÓZINE TÁN ÓZGESHELIKLERI

**(Metodikalıq qollanba)**

**Nókis-2020**

Dúziwshiler: **T.Saparbaev, T.Baynazarov**

Bul metodikalıq qollanba pedagogikalıq institettıń bakalavr, pedagogika baǵdarı oqıtıwshıları ushın mólsherlengen bolıp, shańaraq hám shańaraqtıń tárbiya máseleleri menen shuǵıllanıwshı alımlardıń názeri, tiykarǵı itibarı shańaraq boyınsha ámeldegi bóliniwine hám ul balalar tárbiyasında ata-ananıń iskerligi dárejesine qaratılǵan. Ata-analar, balalardıń hám de hayallardıń bántligi hám olardıń ul balalar tárbiyasına bolǵan tásiri shańaraqtıń jaqsı imkaniyatları hám turaq jaylarına baylanıslı úyreniledi paydalanıwǵa usınıs etiledi.

**Juwaplı xatker:**
**Sh.Saparov –** Ájiniyaz atındaǵı NMPI, Pedagogika fakulteti dekanı, psixologiya kafedrası docenti, p.i.k.

**Pikir bildiriwshiler:**
A.Tilegenov –Q.Niyaziy atındaǵı Ózbekistan pedagogika pánler ilim izertlew institutı direktorı, docent, p.i.k.
I.Allaniyazov –Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı pedagogika kafedrası oqıtıwshısı, p.i.k.

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı ilimiy Ilimiy oqıw-metodikalıq keńesi 2019-jıl 5-sentyabr №1-sanlı bayanlaması menen baspaǵa usınıs etildi.**

# Kirisiw

Házirgi zaman rawajlanıwı hár bir shaxstan waqıyalardı durıs túsiniwdi, juwmaq shıǵarıwdı, ádep-ikramlılıqtı, shıdamlılıqtı, jámiyetimizdiń barlıq tarawlarına bekkem hám belsene qatnasıwdı bolıwdı talap etpekte.

Keleshegimizdiń qanday bolıwı házirgi kúnde biz tárbiyalap atırǵan jaslarǵa baylanıslı. Bunday úlken wazıypanı ámelge asırıwshı ruwxıylıq hám materiallıq baylıqlardıń jaratıwshı tiykarı- shańaraq. Shańaraq jámiyettiń baslanǵısh siyasiy buwını sıpatında bekkem awızbirshilikke iye bolıp, ol óz nátiyjesinde shańaraq aǵzalarınıń quramında túrli nátiyjelerniń maqseti hám wazıypaları ǵana emes, bálki, tárbiyalıq nátiyjesi de kórsetiledi. Onıń quramalı hám kóp tarmaqlı iskerliginiń dawamlılıǵı eki tárepleme:

-birinshiden; kishi bir bólimi siyasiy ózgesheliklerin sezgirlik penen bilip alatuǵın, ózine shártli túrde maqset etetuǵın belgisi, soǵan tiykarlanıp shańaraq tárbiyasın siyasiy tárbiyanıń tiykarǵı bóliminiń biri dep esaplawı lazım.

- ekinshiden; shańaraqtıń quramalı hám kóp tarmaqlı iskerligi onıń wazıypaları hám dúziliwine, siyasiy turmıs tárizine, shańaraq aǵzalarınıń siyasiy nátiyjelerine, olardıń barlıq qızıǵıwshılıqlarına, ámelge asırıw hám múnásibetlerine baylanıslı itibarsız qaldırmawı kerek.

Shańaraqtıń dúziliwinde hám wazıypaların payda etiwde jámiyettiń sol jerdegi ózegi ekenligi jáne bir márte ayan bolmaqta. Sol sebepli, shańaraqtıń tiykarı anıq bir maqseti bolıwı kerek hám ol adamlar ortasındaǵı múnásibetlerin tártipke salıwı zárúr. Jaslardıń ádep-ikramlıq páziyletlerin, fizikalıq kamalatın, aqıllı ziyrekliligin keltirip shıǵarıw zárúr.

Shańaraq tárbiyasınıń ózine uqsaslıǵı sonday bolıp, ol balalarǵa ata-analardıń ata-analıq, tuwǵan-tuwısqanlıq bir-birine múnásibeti bolıp tabıladı. Ol shaxstıń ulıwma hám jaqsı rawajlanıwın ǵana támiyinlep qoymay, bálki, adamnıń kerekli imkaniyatların hám nátiyjeliligin rawajlandıradı. Sol sebepli, shańaraqtıń tárbiyası hám waqıttıń kerekligi, kórsetpeliligi hám tiykarları menen ajıralıp turadı. Onda tiykarǵı wazıypanı xalıq, ádep-ikramlılıqlardı balaǵa tuwrı úyretip, másláhát berip, úlkenler tájriybesine ǵana emes, bálki, shańaraqtıń jasaw tárizi, átirapı, ata-analardıń kásip-óneri, shańaraq aǵzalarınıń awızbirshiligi múnásibetleri úlken rol oynaydı.

Shańaraq hám shańaraqtıń tárbiya máseleleri menen shuǵıllanıwshı alımlardıń názeri, tiykarǵı itibarı shańaraq boyınsha ámeldegi bóliniwine hám ul balalar tárbiyasında ata-ananıń iskerligi dárejesine qaratıladı. Solay etip, ata-analar, balalardıń hám de hayallardıń bántligi hám olardıń ul balalar tárbiyasına bolǵan tásiri shańaraqtıń jaqsı imkaniyatları hám turaq jaylarına baylanıslı úyreniledi.

Jámiyettiń, mámlekettiń kamolatı jaslardı túrli siyasiy wazıypalardı orınlawǵa toplanǵan múnásibetlerge tiykar tájiriybelerge qarım-qatnas, qádiriyatlarǵa hár

tárepleme hám uzaq tayarlaw lazımlılığın talap etpekte. Shańaraqtıń tárbiyada áhmiyetke iye bolatuǵın obektiv hám subektiv tiykarların biliw kerek.

Obektiv tiykarı – shańaraqtıń jaqsı jasawı, dáramattıń túrleri; ózine uqsas hám dárejesi, úy-jay menen támiyinlew dárejesi, mektepke shekemgi mákemelerinen paydalanıw bolıp esaplanadı. Sonday-aq, shańaraq aǵzalarınıń sanı, wazıypası, hám taǵı basqaların kirgiziw múmkin.

Subektiv tiykarlarına – shańaraqtaǵı óz-ara múnásibetlerdiń kelip shıǵıwı, maǵlıwmat, shańaraq aǵzalarınıń ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq dárejeleri, ata-analardıń sóylesiw mádeniyatları hám taǵı basqalar kiredi. Shańaraq tárbiyasınıń quramlılıǵı hár bir shańaraq ózine tán bir álem jámiyettiń ózine tán kishi bir yacheykası bolıp, tárbiyalıq islerde ózine tán ózgesheliklerge iye. Al sonıń ushın da shańaraq tárbiyasınıń ózgesheliklerin esapqa alıp, ulıwmalastırıw hám oǵan qanday da bir másláhát beriw qolaysız hám qıyın.

Ata-analar qanshelli ruwxıy jaqtan bay, hám joqarı maǵlıwmatqa iye bolsa, sol dárejede shańaraqta ul balalardı durıs tárbiyalaydı. Olar tek ǵana másláhát beriw, maqullaw, xoshametlew, jazalaw, sóylesiw hám pikir almasıw ǵana emes, bálki insanıy páziyletleri tiykarında ul balaları menen birgelikte islew, olardı miynet etiwge úyretiw arqalı da tárbiyalaydı. Balalarǵa is jobaların túsindiriw, olarǵa tárbiyalıq tásir kórsetiwdiń eń kerekli usılı. Eger, balalar ata-analarınıń aytqanlarına júdá qızıǵıwshılıq múnásibetinde bolsa, olar ortasında bolǵan múnásibetlerge kóbirek itibar qaratıladı.

Balalar ata-analarınan, aǵa-apalarınan óz ara múnásibet, qatnasların úyrenip, ne jaqsı, ne jaman, paydalı hám ne zárúr ekenligin bilip aladı, olar haqqında anıq maqsetlerge iye boladı. Bunnan basqa shańaraq tájiriybeli hám kásibi jaǵınan túrli jastaǵı adamlardı birlestirip turadı. Shańaraq aǵzalarınıń turmısı hám ómir tájiriybeleri mádeniy jaqtan qanshelli bay bolsa, olar ul balalar menen sol dárejede jaqsı baylanısta bola aladı, ul balalardıń qızıǵıwshılıǵın asıra aladı. Jaslardıń fizikalıq kúshli, kewli pák miynetkesh hám mádeniyatlı bolıp ósiwinde jámiyet te óz úlesin qosadı.

Ata-analardıń ulıwma mádeniy maǵlıwmatlardıń kóteriliwi hám siyasiy jedellik tabıwı mektep hám shańaraq baylanısına ózgeshe sebep boladı. Eger, mektep shańaraq tárbiyalawshıǵa húrmet penen sóylesiwde bolsa olardıń baylıqları yaǵnıy ata-analar abırayı, insanıy mısalı bolıp tabıladı. Olar siyasıy dástúr tiykarında tárbiyalawdı paydalanıp bilse, ol waqıtta ata-analar atalıǵı kúshli tárbiya sıpatında, ámelge asırıladı.

Házirgi zaman shańaraqları jámiyet penen tıǵız baylanısta. Qalalardıń ósiwi, jasaw sharayatlarınıń jaqsılanıwı, xalıqtıń mádeniy hám materiallıq turmıs dárejesiniń asırlıwı jaslardıń jetik insan bolıp tárbiyalawına tásir qıladı.

Shańaraq tárbiyasınıń maqseti hám mazmunı barlıq regionlar boyınsha alǵanda bir-birinen málim dárejede parıqlanadı. Bul parıqlar milletlerdiń turmıs tárizi, úrp-

ádetleri, siyasiy tárbiya hám máhállá jaǵdayları menen belgilenedi. Solay etip, mámleketimizdegi elatlardıń tariyxıy-siyasıy basqıshı shańaraq turmısınıń tariyxıy orınlarınıń tabılǵanlıǵı, bul barısta dinniń salmaǵı ózine jeterli dárejede kámalǵa keltirilgen. Ólerimizden burıńǵı dáwirdi pikirleytuǵın bolsaq, tuwılıwǵa bolǵan kózqaraslardı shártli eki toparǵa ajıratıwımız múmkin. Birinshi toparǵa, shańaraqta kóp balalıqqa umtılıwshı Orta Aziya, Qazaqstan hám ayırım Kavkaz xalıqların mısal retinde aytıwımız múmkin. Ekinshi toparǵa, shańaraqta kem balalıqqa umtılıwshı mámleketlerdiń Evropa bóliminde jaylasqan xalıqlardı aytıwımız múmkin. Kóp balalıqtan kem balalıqqa ótip atırǵan basqa milletlerdi de usı toparǵa kirgizse boladı. Birinshi toparǵa shańaraqtaǵı aǵzalardıń múnásibetlerinde bekkem ornalasıp alǵan awhalınıń jaqsılanıwı tuwılıwdıń keskin kóbeyiwine sebep bolmaqta.

Tárbiya máselesine kelsek, kem balalı shańaraqlarǵa qaraǵanda kóp balalı shańaraqlarda ul balalar tárbiyası anaǵurlım jeńil boladı. Solay etip, kóp balalı shańaraqlarda aǵa hám apalarınıń olar haqqında ǵamqorlıqların, bir-birine bolǵan jaqsı qarım-qatnasları, úydegi hár túrli wazıypalardıń isleniwi, kishkenelerdiń úlkenlerge ádep penen múnásibette bolǵanların kóz aldında kóredi, hám baqlap baradı. Ózleri de sonday etip ádep-ikramlı húrmet-izzet penen kamalǵa keledi. Sol sebepli, bir qansha balaları bolǵan shańaraqta ata-analardıń ǵamqorlıǵı ózine tán bolıp keledi. Bunday ǵamqorlıq teń belgilengen boladı.

Úlken shańaraqta ul bala jasınan jámiyetke sińisip, óz ara baylanıs tiykarında tájiriybe toplaydı. Eger, shańaraqta úlken hám kishi balalar bolsa, olar ortasında túrli kórinistegi mehir-muhabbat hám doslıq júzege keledi. Shańaraq jaǵdayı ul balalardı óz shaxsınıń kamal tabıwına imkaniyatların beredi. Kem balalı shańaraqlarǵa qaraǵanda kóp balalı shańaraqlarda sonday ómir wazıypaları belgili boladı. Máselen, aǵasınıń úkesine bolǵan mehri, yaǵnıy bir-birinen parıqlanıwshı aǵa-ini hám apa-sińliler ortasında bir-biri menen teń bólisiw, kelisiwi hám taǵı basqalar payda boladı. Ayırımları kóp balalı házirgi kúnimiz ushın óz qádir-qımbatın joǵaltadı, keleshekte birew yamasa kem balalı shańaraqlar shańaraqlar kóbeyedi degen pikirdemiz. Adamlar usınday urbanizaciya táreplerine tayanbaqta hám shańaraqta bala sanı ráwishte ańlı rejelestirilmekte.

Tuwrı, urbanizaciya haqıyqattan da kerekli faktorlardıń biri bolıp, xalıqtıń kóbeyiwine tásir kórsetedi. Orta Aziya, Ózbekstan urbaniyazaciya boyınsha qalaq yaki tómen dárejede emes. Biraq siyasıy miynet talaplarınıń ózine tán tárepleri awıl hám qala xalqı parıqlanǵanlıǵı sebepli, joqarıda kórsetilgeninde awıl xalqı aldıńǵı kórsetkishte turadı.

Gúzetiwshiler qay jerde kóp balalı shańaraq belgili bolsa, bunday shańaraqta urıs-jánjel emes, bálkim, óz-ara húrmet, miynetkeshlik doslıq hám taǵı da basqa tárbiyalıq sıpatlar tez arada sińip qalıwı kórinbekte.

Hayal-qızlardıń siyasıy erkinligine jańa kórinisindegi ózbek shańaraqlarınıń kelip shıǵıwı sebep bolmaqta. Bala tárbiyası ata-ananıń shın insanıy

múnásibetleriniń ámelge asıwına imkaniyat beredi. Balalarǵa, birinshi gezekte, bilim beriwi, olardıń qálegen kásibine jol alıwı, bolajaq siyasiy dáwirge tayarlawdı ózleriniń parızı dep esaplamaqta.

Házirgi dáwirdiń salmaqlı tásiri nátiyjesinde shańaraqlardıń siyasiy quramı da ózgermekte, bul bolsa, óz náwbetinde shańaraq quramında, onıń turmısında qatań ózgerisler júz bermekte. Sonı da aytıp ótiw lazım, qaraqalpaq shańaraǵında bunday quramalı ózgerisler jańasha múnásibetler tariyxıy quramı bolıp kelgen hám olar milliy, ózine tán joǵaltıw emes, yaǵnıy shańaraqtaǵı múnásibetlerdiń hár tárepleme rawajlanıwına, kóp milletli respublikamız sanı úrp-ádetleri, jaqsı tárepleri jıynalıwına, mazmunı bayıwına sebep bolmaqta. Úlkenlerge húrmet hám boysınıw qaraqalpaq shańaraqlarında kúndelikli usıllarınıń biri shańaraqta balalardı tuwrı tarbiyalaw, ata-analardıń hám úlken jastaǵı bárshe adamlardıń oylawı, ul bala tárbiyasın jaratıwshı sıpatında onıń dúnyaǵa kózqarası, xarakteri, jámiyet ortasında ózin tuta biliwin tayarlawshı baslı usılı. Sol sebepli ,ul balaǵa qádem qoydıradı, onıń ózine tán ruwxıy kózqarasınıń kelip shıǵıwına tiykar saladı. Jas áwladtıń qızıǵıwı, talapshańlıǵı hám miynetkeshligi birinshi náwbette shańaraq hám ondaǵı tárbiyalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı.

Balalar kamalatı barısında mámleket tárepinen kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmeti, biypul tálim beriw, oqıw qurallarınıń biypullıǵı, lagerler ushın jollamalar, hár túrli kompaniyalar tárepinen kórsetilip atırǵan ǵamqorlıq haqqında da oylap kórilse jaman bolmaydı. Shańaraqqa jámiyet hám mámleket tárepinen kórsetilip atırǵan ǵamqorlıq hám material járdemleriniń hámmesi kámil isandı tárbiyalawǵa qaratılǵan. Sol sebepli, olardıń óz ara birligin túrli kórinistegi tárbiyaǵa qaratıw, shańaraq penen baylanıslardı ámeliy iske asırıw házirgi kúndegi mashqalalı wazıypalarınıń biri bolıp tabıladı.

Shańaraqtıń túp maqseti hám háreketleriniń mazmunı balalardı ulıwmainsanıy minez-qulqı tárepinen boysınǵan halda olardı bolajaq miynet dárejesine tayarlawdan ibarat. Qala berse, olardıń ideyalıq-siyasıy, mádeniy aǵartıw barısındaǵı qızıǵıwına itibar beriliwi tiyis. Bul boyınsha túrli shańaraqlarda berilip atırǵan tárbiyanıń bir-birinen parqı barlıǵın da umıtpawımız lazım. Eger, shańaraqta úlken jastaǵı adamlar bolsa, olar miynet penen tapqan nanınan ráhát kórip atırǵan bolsa, insanıy páziyleti belgi bolsa, bunday shańaraqta tárbiyalanıp atırǵan jaslar da dáwirimizge ılayıq insan bolıp jetilisedi.

# I. QARAQALPAQ SHAŃARAQLARÍNDA BALA TÁRBIYASÍ MASHQALASÍ HÁM ONÍŃ ÁMELGE ASÍRÍLÍWÍ

Óspirim jasındaǵı balalarǵa miynet tárbiyasın beriwdiń áhmiyeti hám jolları.

Ata-babalarımız ázel-ázelden jaslardı miynetsúygishlikke tárbiyalawdı uqtırǵan. Ásirese, er balalardı miynetke tárbiyalaw barısında jas waqtınan jeke ózgesheliklerine qaray miynet tárbiyasın berip otırǵan. Olardıń fizikalıq jaqtan salamat bolıwına itibar bergen.

Ilim hám texnikanıń rawajlanıwı xalıq xojalıǵınıń bárshe tarmaqlarında fundamental hám ámeliy ilim jetiskenlikleriniń kózge taslanǵanlıǵı menen belgilenedi. Mámleket xalıq xojalıǵın jáne de rawajlandırıwdıń sheshiwshi shárti bolıp, ilim hám texnika pútkil jámáát islep shıǵarıwdı túpten ózgertiwge, tiykarınan princip tárepten ulıwma jańa miynet qralların, materialların jańa texnologiya processlerin jaratıwdı, sonday-aq, esaplaw texnikasın basqarıw hám de xabardı qayta islew procesin keń paydalanıwǵa alıp keledi.

Óspirimler miynetin shólkemlestiriwdiń mólsherin, huqıqıy tiykarların jaratıw sol menen táriplenedi. 18 jasqa tolmaǵan ul balalarda ele fizikalıq rawajlanıw toqtamaǵan hám organizm nadurıs islep shıǵarılǵan nárselerge sezgir boladı. Jınısıy jetiklewge ótiw, qáliplesiw dáwiri bolǵan bul jasta bir qatar anatomiyalıq hám ruwxıy-fiziologiyalıq qásiyetler júz beredi, olarǵa gigienalıq keńesti belgilewde de, medicinalıq xızmet hám baqlawdı ámelge asırıwda da solardı esapqa alıw zárúr boladı. Aytıp ótkenimizdey, bárshe turmıslıq funkciyalardıń keskin asıp ketiwi, tez ósiw hám deneniń fizikalıq rawajlanıwı sol jastaǵı tiykarǵı qásiyetler bolıp esaplanadı. Balalar hám óspirimler ushın qolınan keletuǵın miynet denesin shınıqtırıwshı tásirge iye boladı: qan tamır hám dem alıw sistemasınıń xızmeti jaqsılanadı, zat almasıwı procesi kúsheyedi, súyek bulshıq et sisteması bekkemlenedi, shıdamlılıq, is qábileti asadı, háreketti muwapıqlastırıw tereńlesedi, jańa shártli reflektorlı baylanıslar payda boladı. Óspirimlik jası- ǵárezsiz turmısqa tayarlıq hám biyik rejeler dáwiri. Bul jasta óspirim kim bolıwdı, gózlegen maqsetine erisiw ushın ne nárseni úyreniw hám ne isleniw kerekligin oylay baslaydı. Bul dáwirde olar másláhátke mútáj boladı, biraq qánigeden óz waqtında másláhát sorap, ata-anaları kelmeydi. Bunday jaǵdaylarda kóp nárse ata-analardıń dúzetiwi qıyın bolǵan qátelerdi jibermewde balalarǵa járdem beriw qábiletliligine baylanıslı. Tájiriybeli tárbiyashılardıń pikirine qaraǵanda, ata-analar kásip tańlaw haqqındaǵı sorawǵa juwap beriwi ushın aldınan tayarlanıwı kerek. Balanıń qızıǵıwı, qábiletin hám ilimniń belgili tarmaǵına yaki kásip ónerge umtılıwın anıqlap alıw, áne sol qábilettiń rawajlanıwına kómeklesiw kerek. Bul bolsa óspirimdi ruwxıy jaqtan belgili dárejede tayarlaydı, yaǵnıy kásip tańlawda áhmiyetli orın tutadı. Hár qanday kásip insannıń fizikalıq jaǵdayı, ruwxıy dúnyası menen baylanısıp ketiwi kerek, sol sebepten

óspirim kásip tańlaw payıtında oqıtıwshılar hám de shıpakerler birgeliginde óz salamatlıǵı tańlaytuǵın kásiptiń talaplarına qanshelli muwapıq keliwi haqqında másláhátlespese, qáte qıladı. Buǵan biypárwa bolıw sol nársege alıp keledi, yaǵnıy tańlanǵan kásip salamatlıqtı áste-aqırın tómenlestiredi hám bir neshe jıl islegen qánige óz kásibin ózgertiwge májbúr boladı. Mektep shıpakeri kóp jıllar dawamında oqıwshını baqlaw imkaniyatına iye boladı, onda oqıwshınıń pútkil oqıw jılları dawamında densawlıǵına baylanıslı maǵlıwmatlar boladı.

Organizm óspirimlik dáwirlerde anatomiyalıq, fiziologiyalıq hám psixikalıq qáliplesiw procesinde boladı. Olardıń úlken jastaǵılardıń organizminen parqı, sırtqı ortalıq faktorları tásirine qarata kemirek qarsılıq kórsete aladı.

Insannıń miynet xızmeti barısında islep shıǵarıw átirapı menen organizm óz ara tásirde boladı. Insan islep shıǵarıw átirapın óz tarawınıń-ıqtıyajına qarap ózgertedi, bul da adam organizmine anaw yamasa mınaw dárejede tásir etedi. Ulıwma bilim beriw mekteleriniń oqıtıwshıları hám islep shıǵarıw ustaları miynet gigienası hám fiziologiyası tiykarların biliwi lazım. Shańaraqta kóbinese er balalar tárbiyası menen onıń ákesi shuǵıllanadı. Olardı miynetke úyretiwde jas hám jeke ózgesheliklerin esapqa alıw zárúr. Óspirim organizmindegi anatomiyalıq hám fiziologiyalıq hám ruwxıy qásiyetlerine kóre sırtqı ortalıq faktorlarına tásirsheńlik kúshliligin itibarǵa alıp, tiykarǵı jerlerde hám islep shıǵarıw praktikası ótkiziletuǵın orınlarda da sanitariya hám gigiena talaplarına juwap beretuǵın etip ornatılıwı lazım. Ata-analar bul nársege úyde de júdá úlken itibar beriwi kerek boladı.

Shańaraqta bala birinshi miynet tárbiyasın ala baslaydı. Er balalarǵa hár qıylı ustalıq óneri, aǵashtan ásbaplar soǵıw, qız balalarǵa anaları tárepinen gúl otırǵızıw, tigiw, pishiw jumısların orınlatadı. Balalarǵa miynet tárbiyasın beriwde hawa rayınıń da óz tásiri bar. Organizmniń ayırım aǵza yaki bárshe aǵzalarınıń suwıp ketiwi bir qansha keselliklerge: qaltırıwǵa, suwıq urıwǵa, miozit, nevrit, radikulit hám basqa da nárselerge sebep boladı. Organizm hádden tısqarı suwıp ketiwi ayaz kesellikleri angina, dem alıw jolları qatarı, ókpe shamallawına alıp keliwi múmkin. Sırtqı ortalıqtıń qolaysız sharayatında adam organizmine jaqsı tásir etiwshi hawada jaman iodlar muǵdarı kemeyedi. Islam dininde er bala hám qız tárbiyasınıń ózine tán ózgeshelikleri 7 jastan soń qáliplesedi dep aytıp ótilgen hám de balamız kishi jasınan baslap ata-ananı húrmet etiwdi uqtıradı.

Shańaraqta er balalarǵa eń zárúr tárbiya túri ádep-ikramlılıq deydi. Muxammed payǵambarımız, biraq bunnan tısqarı suwda júziwdi, oq atıwdı násiyat etken. Óspirimlerdiń organizmi tómen hawa rayına tásirsheń boladı. Qurıwshı-isshiler hám islep shıǵarıwda ámeliyat ótip atırǵan oqıwshılar bir qıylı pás temperaturalı sharayatta islep atırǵanında, ádette olar organizminde qolaysız ózgerisler bolǵanlıǵı baqlanadı. Miynet islew barısında joqarı dárejedegi shawqım tez sharshawǵa, is qábiletiniń páseyiwine, keselliklerdiń kóbeyiwine hám sociallıq, gigienalıq hám de

ekonomikalıq tústegi basqa qolaysız tásirlerge alıp keledi. Óspirimler miyneti hám dem alıw tártibiniń tuwrı shólkemlestiriliwi shawqımnıń olar organizmine jaman tásirin  kemeyttiriwge járdem beredi. Óspirimler hám jaslar ushın islep shıǵarıwdaǵı ruxsat etilgen eń biyik shawqımlar bolmawı tiyis.

Ullı oyshıl Ibn Sino «Tadbir al monozil» kitabında: «Eger, shańaraq tárbiya usılların durıs paydalansa, qollana alsa, shańaraqtaǵı balalar ómirinde óz baxtına tez erisedi» degen ideyanı alǵa súredi. Shańaraqta obektiv hám subektiv faktorlarǵa úlken itibar qaratıladı. Obektiv faktorlarǵa dáramatlardıń túrleri, wy-jay menen támiyinleniw dárejesi kiredi. Subektiv faktorlarǵa óz ara múnásibetler, mádeniyat, ruwxıy dárejesi kiredi. Islep shıǵarıwdı ornatıwda, oǵan gigienalıq tárepten baha beriwde onıń tárepleriniń sıpatı hám sanın esapqa alıw zárúr. Islep shıǵarıwdıń, yaǵnıy qollanılatuǵın ásbaptıń gigienalıq jaqtan qoyılatuǵın talaplar qabıl etiwdiń ruwxıy fiziologiyalıq qásiyetlerine tiykarlanǵan. Buǵan, birinshiden, jarıqlıqtıń jeterli dárejede bolıwı,  quyash nurı jarıqlıǵına jaqınlıǵı, ekinshiden, gigiena normalarına tán bolǵan kózge kúsh túsiwin hám basqa ayırım sharayatlardı inabatqa alatuǵın jarıqlıqtıń jeterli dárejede bolıwı, úshinshiden, kóbinese qayta kónligiwge tuwrı kelgende hám kóz sharshawı asıp barǵan jaǵdayda bólmedegi jarıqlıq teńligi hám joqarı dárejede ekenligi. Nerv sisteması kóbirek jaǵımlı tásir etiwshi spektrdiń ortasha tolqın qısmıdaǵı reńler tiykar esaplanadı. Olar arasında ulıwma organizm ruwxıyatı hám de kóriwdiń fiziologiyalıq xızmetine tıs tásir kórsetiwshi suwıq hám jıllı reńler de bar. Jıllı reńler adamdı tásirlendirip, kewlin kóteredi, suwıqları tınısh etedi; bulshıq etlerdiń islew qábileti jıllı reńli jarıqlıqta suwıqqa qarata joqarı boladı. Jeterli tábiyǵıy jarıqlıqtı támiyinlew ushın aynalardıń jarıq bolıp turıwı úlken áhmiyetke iye. Óspirim organizmin islep shıǵarıwda qolaysız faktorlar tásirine júdá seziwsheńligi, sonday-aq beyimlesken mexanizmler jeterli emesligi menen de táriplenedi. Bunıń aqıbetinde úlkenlerge qaraǵanda olar kóbirek záhárlenedi. Záhárleniwge qarsı gúres boyınsha profilaktika keńesleri: imkan bolsa, záhárli zatlardı zıyansız yaki toksikligi kemirek zatlar menen almastırıw; kárxana hawasında zıyanlı zatlar toplawınıń kóbeyip ketpewligin belgilew hám hawanıń jaǵdayın belgili ráwishte baqlap turıw kerek. Tárbiyanıń nátiyjeliligi shańaraqta balalar miyneti, olardıń xojalıǵındaǵı  jumıslarǵa aktiv qatnasıwı, sonday-aq semyalıq turmıs shárayatı menen belgilenedi. Shaxsiy úyde jasawshı shańaraqlarda úy miyneti balalardıń jası, jınısına qarap dástúr usılında onıń belgilenetuǵının kóriw múmkin. Mámleketke qaraslı úylerde jasawshı shańaraqlarda bolsa, balalardıń jumıs bólistiriliwi derlik seziletuǵın olar bir-biriniń islerine olar birdey múnásibette boladı. Kópshilik kóp balalı shańaraqlarda analar úy biykesi sıpatında úy jumısları menen shuǵıllanadı. Kóp balalı diyqan shańaraqlarındaǵı tárbiyanıń ózine tán ózgesheliginiń jáne biri sonda, bunday shańaraq balalar jámiyetiniń orayı, tiykarǵı

tárbiya quralı, bala ata-ananıń úlgisi, olardıń minez-qulqı, ádebi, bir-birine bolǵan jıllı múnásibetleri islep shıǵaratuǵın aktiv ,qatal fizikalıq miynetleri esaplanadı.

Dene tárbiyası- salamatlıq girewi! Ǵalaba fizikalıq tárbiyanı ámelge asırıw keselliklerdiń aldın-alıw, salamatlıqtı bekkemlew xalıqtıń salamat turmıs tárizin qáliplestiriwdiń nátiyjeli jollarınan biri esaplanadı. Fizikalıq tárbiya hám sport penen shuǵıllanıwshılardıń is qábileti ortasha kórsetkishten 20-30% joqarı, kesellikke shalınıwı bolsa, qalǵan xalıqqa qaraǵanda birqansha kemligi kóp tájiriybelerden sıpatlanǵan. Dene tárbiyası oqıwshılardı ádep-ikramlıq qatnasıqlar menen qurallandıradı. Dene tárbiyası waqtında hár qıylı qarama-qarsılıqlı jaǵdaylar ushırasadı. Sonlıqtan oqıwshılardıń jámáátke, adamlarǵa bolǵan, óz-ózine bolǵan qarsı pikirleri payda boladı.

Deni saw, sap deneli hár tárepleme shınıqqan óspirimler bul Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen keyin eń baslı maqsetlerdiń biri esaplanadı. Dene tárbiya balanıń durıs ósiwi, organizmniń hár tárepleme rawajlanıwı, jaqsı turmıs qálpiniń qáliplesiwi, uzaq ómir kóriwi, miynetke hám Ana watandı qorǵawǵa tayarlıǵı ushın tiykar jaratadı. Dene tárbiya, joqarıda aytqanımızday, ádep-ikramlılıq, estetikalıq miynet penen tıǵız baylanıslı. Mekteptegi dene tárbiyanıń áhmiyeti úlken. Bárshe oqıwshılar fizikalıq tárbiyadan belgili dárejede sabaq aladı. Fizikalıq tárbiya tek er balalardıń jas ózgeshelikleri esapqa alıp barılsa ǵana, áhmiyetli tásir kórsetiwi múmkin.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalar rawajlanıwınıń ózine tán qásiyetlerinen biri-háreket etiwge bolǵan tábiyǵıy mútájlik. Mektepke shekemgi jastaǵı balanıń xızmeti kún boyı orınlaǵan hár qıylı háreketleri jıyındısınan ibarat. Onıń muǵdarı balanıń jınısına, jasına, joqarı nerv xızmetiniń túrine, jıldıń máwsimine, geografiyalıq ıqlım sharayatına baylanıslı. Eger, balalarǵa tábiyat shıraylı dene dúzilis nesip etpegen bolsa, bul jaǵdayda fizikalıq tárbiya hám joqarı dárejedegi ruwxıylıq jetik kamalatqa, gózzallıqqa esiriwdiń, gewdedegi kemshiliklerdiń dúziliwine sebepshi boladı. Eki-úsh jastaǵı balalarda hárekettiń rawajlanıwı hár bir gimnastikanı rejelestiriwde hám olardı orınlarda esapqa alınatuǵın birneshe tiykarǵı wazıypalar: balanı tuwrı júrgiziw, háreketlerin rawajlandırıwǵa járdemlesiw; qáddi-qáwmettiń tuwrı qáliplesiwin tárbiyalaw.

Tájiriybeli tárbiyashılardıń pikirinshe, ulıwma rawajlandırıwshı shınıǵıwlar bala organizmine kóp tárepleme tásir kórsetedi. Bul shınıǵıwlar balanıń háreket etiw qásiyetleriniń rawajlanıwına járdem beredi, qıyın háreketlerdi iyelewge tayarlaydı, nátiyjede bulshıq etler kúshli, buwınlıqlar háreketsheń, dene mayısqaq bolıp baradı, denesi tuwrı rawajlanadı. Azanǵı dene tárbiya waqtında zorıǵıw menen baylanıslı shınıǵıwlardı orınlamaslıq lazım. Azanǵı gigienalıq gimnastika shınıǵıwlar toparı shuǵıllanıwshılardıń qızıǵıwlarına qarap, shama menen bir aydan keyin ózgertiledi. Eger dene tárbiya bárqulla ótkizilip, gantel, gimnastika tayaqshası, sekiriw jibi sıyaqlı

nárseler menen orınlansa, onıń nátiyjeliligi jáne de artadı. Dene tárbiyası sabaǵı oqıwshılardı fizikalıq tárbiyalawdıń tiykarǵı qálpi esaplanadı. Jáhán salamatlıqtı saqlaw birlespesi salamatlıqtı tek ǵana kesel bolmaslıq yamasa hálsirep qalmaslıq emes, bálki, fizikalıq hám ruwxıy, jámiyetlik tınıshlıq sıpatında táripleydi. Kem háreketlik hár qanday jasta da zıyan keltiredi. Málim bolǵanınday, miy hám bulshıq etlerdi biz islep shıǵarıw procesine qanshelli jedel hám bárqulla shaǵım qılsaq, olar kem isten shıǵar eken. Fizikalıq shınıǵıwlar aktiv turmıstı uzaytırıwǵa alıp keledi, júrek qan tamır hám dem alıw jollarınıń xızmetine jaqsı tásir kórsetedi, zatlar almasıwın jaqsılaydı. Shınıǵıwlarda tiykarǵı háreketler júriw, júgiriw, asılıw, sekiriw, ılaqtırıw kónlikpeleri qáliplesedi. Olar áste-aqırın bekkemlesip hám kishi jastan úlken jasqa qarap, olardıń sıpatı asırıp barıladı.

Balanı óz waqtında sport penen shuǵıllandırıw júdá áhmiyetli. Shaqqanlıq, iyliwsheńlik hám háreket tezligin talap etiwshi sport túrlerine balalardı kishi mektep jasınan qatnastırıw múmkin. Tiykarınan, 7-8 jasınan súziw, 6-7 jasınan figuralı ushıw, er balalardı 8-10 jasınan, qızlardı 8-9 jastan sport gimnastikası, 7-10 jasınan tennis boyınsha shınıǵıw isletiwge boladı. Balalar 12-14 jasqa barǵanında sport túrlerin tańlaw imkaniyatları keńeyedi. Biraq, bul jasta kúsh-quwattı, tezlikti, shaqqanlıqtı, rawajlandırıwshı sport túrleri paydalı.

Shańaraqta miynet balalardıń fizikalıq rawajlanıwı hám tárbiyasınıń eń áhmiyetli tiykarınan biri bolıp, organizm salamatlılıǵı jáne bir barıstaǵı turmıslıq xızmetti basqarıp atırıp, insan sezetuǵın fizikalıq tolıǵıw organizmniń túrli funkciyalarına kúshli tásir kórsetedi. Biraq sonı aytıp ótiw kerek, miynet ósip kiyatırǵan oragnizmniń anatomiyalıq hám fiziologiyalıq imkaniyatlarına say kelse ǵana payda keltiriwi múmkin.

Ata-analar túrli oqıw hám miynet xızmeti, sonday-aq dem alıwdıń balalardıń jasına say ámelge asırılıwı organizmniń tálim-tárbiya sisteması menen baylanıslı hár qıylı tásirlerge múnásibetin úyreniw hám bahalaw jolı menen anıqlanadı. Miynet barlıq waqıt eki óz ara bir-birine baylanıslı tárepke-fiziologiyalıq hám jámiyetlik táreplerge iye. Hár qanday miynet fiziologiyalıq mánidegi jumısshı kúshin sarplaw – miy, nerv hám bulshıq etler kúsh-quwatın baǵıshlaw demekdur. Sol mániste miynetti insan – turmıslıq xızmetiniń normal jaǵdaydaǵı kórinisi sıpatında táriplew múmkin. Óspirimlerdiń bir bólimi toǵızınshı klasstı tamamlap, jámiyetlik paydalı miynetke aralasadı: olar keshki jumısshı jaslar hám de awıl mekteplerinde óz bilimlerin asırıwǵa islep shıǵarıwǵa baradı yamasa kásip-texnikalıq bilimlendiriw orınlarına oqıwǵa kirip, xalıq xojalıǵı tarmaqlarınıń birinde jumıs islew ushın kásip tayarlıǵın iyeleydi. Mektep tálimine miynettiń, tiykarınan fizikalıq miynettiń, kirgiziliwi balalar organizminiń hár tárepleme rawajlanıwına járdem beredi. Sol mánide tuwrı shólkemlestirilgen, hár kimniń qábiletine jarasa miynet etiw, fizikalıq shınıǵıwlarda

sport sıyaqlı tásir kórsetedi hám bul ósip kiyatırǵan áwladtı hár tárepleme fizikalıq tárbiyalawǵa paydalanıw múmkin. Oqıw dawamında oqıwshılar organizminiń imkaniyatı hár qıylı boladı hám ol salamatlıǵı, fizikalıq kámalatı birinshi gezekte jasına qarap belgilenedi.

Medicina qánigeleri pedagoglar menen birgelikte miynet tálimin bılay shólkemlestiriw kerek: olar hár bir basqıshta mektep oqıwshılarınıń jası hám hár biriniń óz imkaniyatın esapqa alǵan jaǵdayda qábiletine jarasa jámlestiriw tiyis. Óspirimler jumısınıń gigienalıq tárepten shólkemlestiriliwi, jumıs waqtı dawamlılıǵın tártipke salıw, sonday-aq dem alıslarda sanı hám waqtı menen sheklenedi. Óspirimler bir túrdegi jumıslardı úlkenlerge qaraǵanda kemirek tejemlik, kóbirek háreket etiw menen orınlaydı.

Demek, olar eki ese tez sharshaydı, islew qábileti úlkenlerge qaraǵanda ulıwma basqasha qásiyetke iye boladı. Sonlıqtan, kúndelik muǵdar óspirimniń jumıs kúni úlkendikine salıstırǵanda neshe márte kemeytirilgen bolsa, úlkenler muǵdarın sonsha márte shama menen kemeyttiriw menen belgilep bolmaydı. Kópshilik alımlardıń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, isenim menen aytıw múmkin, bulshıq etlerdi isletiw balalarda búyrek ústi bezleri xızmetine belgili dárejede unamlı tásir kórsetedi. Jınısıy bezlerdiń fizikalıq xızmetti orınlaw waqtında jaǵdayı izertlewshilerdiń itibarın tartadı, sebebi, birinshiden, óspirimlerdi sport shınıǵıwlarına tartıw barısında olardıń organizminiń atqaratuǵın xızmetleri qayta qurılsa, ekinshiden, fizikalıq shınıǵıwlardıń ózi jınısıy kámalatqa jetiw dáwirin muwapıqlastırıwshı faktorlardıń biri esaplanadı. Hádden tısqarı awır jumıs bolsa, kerisinshe, jınısıy bezlerdiń xızmetine óziniń unamsız tásirin tiygiziwi múmkin.

## II. QARAQALPAQ SHAŃARAQLARÍNDAǴÍ UL BALALAR TÁRBIYASÍNÍŃ ÓZINE TÁNLIGI

Házirgi zaman qaraqalpaq shańaraqlarınıń tárbiya usıllarındaǵı ulıwma hám kerekli táreplerin, wazıypaların biliw áhmiyetli mazmunǵa iye. Sonıń ushın biz balalardıń baqshada hám mektepte alıp atırǵan bilimlerin, qızıǵıwların esapqa alǵanımızda ǵana shańaraq tárbiya jumısı ele de jaqsı bolıwın támiyinlewimiz múmkin. Biz tárbiyalıq wazıypalarımız tárepinen kelip shıǵıp, balalar kamalatına jeke halda qatnasta bolıw: aqıllı, ádepli, miynettte shınıqqan, fizikalıq salamat adam bolıwı haqqında tárbiya sorawlarına juwaplar izlew, óz-ózine xızmet kórsetiw, siyasiy miynetke, materiallıq hám ruwxıy jaqtan jetik tárbiyalaw sıyaqlı nızam hám qaǵıydalardı esapqa alıp, is júrgiziwimiz kerek.

Shańaraqtaǵı tárbiyalıq tárepleriniń anıq dúziliwine, kóp balalı yaki kem balalıq, eki yaki úsh áwladtıń birgelikte jasaw, ata-ananıń maǵlıwmat dárejesine, shańaraq aǵzalarınıń siyasiy awhalı, ul balalar tárbiyası boyınsha óz parızların tán etiwi, er hám hayaldıń tárbiyalıq jobası múnásibeti sıyaqlı siyasiy tároplerine baylanıslı, solay etip, shańaraq tárbiyasınıń ózine tán ózgesheliklerin anıqlawda shańaraq dúziliwiniń ilimiy ózine uqsaslıǵı hám milliy dárejelerinen paydalanıwdı da esapqa alıwımız lazım.

Olardıń fizikalıq jaqtan salamat bolıwına itibar bergen.

Ilim hám texnikanıń rawajlanıwı xalıq xojalıǵınıń bárshe tarmaqlarında fundamental hám ámeliy ilim-bilim jetiskenlikleriniń kózge taslanǵanlıǵı menen belgilenedi. Mámleket xalıq xojalıǵın jáne de rawajlandırıwdıń sheshiwshi shárti bolıp, ilim hám texnika pútkil jámáát islep shıǵarıwdı túpten ózgertiwge, tiykarınan princip tárepten ulıwma jańa miynet qralların, materialların jańa texnologiya processlerin jaratıwdı, sonday-aq, esap texnikasın basqarıw hám de xabardı qayta islew procesin keń paydalanıwǵa alıp keledi.

Óspirimler miynetin shólkemlestiriwdiń normativ huqıqıy tiykarların jaratıw sol menen táriplenedi. 18 jasqa tolmaǵan ul balalarda ele fizikalıq rawajlanıw toqtamaǵan hám organizm nadurıs islep shıǵarılǵan nárselerge sezgir boladı.

Shańaraq aǵzalarınıń turmısı hám óspirimler, ómir tájiriybeleri mádeniy jaqtan qanshelli bay bolsa, olar balalar menen sol dárejede jaqsı baylanıstı bola aladı, balalardıń qızıǵıwshılıǵın arttıra aladı. Jaslardıń fizikalıq jaqtan kúshli, kewili pák, miynetkesh hám mádeniyatlı bolıp ósiwine jámiyette óz úlesin qosadı.

Ata-analardıń ulıwma mádeniy maǵlawmatlarınıń kóteriliwi hám siyasiy jedellik tabıwı mektep hám shańaraq baylanısınıń ózgesheligi boladı.

Keyingi on bes jıl ishinde kóp balalı shańaraqtıń keskin kemeyiwi esabınan bir, eki bala menen shekleniw shańaraqta tuwılıwdıń páseyiwine alıp keldi.

Tábiyiy maǵlıwmat dárejesinde bir balalı shańaraq ózin aqlaǵanlıǵı obektiv haqıyqat. Solay etip, hayal adamlar kóbirek waqıtta, óz kúshlerin siyasiy paydalı jeke jumısların orınlaw imkaniyatlarına iye boladı. Balalar tárbiyasında bolsa úsh, tórt balalı shańaraqqa uqsas kóbirek waqıt sarıplaydı. Lekin sonı umıtpaw kerek, shańaraqta jalǵız perzent- úlkenlerdiń dıqqat orayı. Quwanıshı hám erketay sıpatında kamalǵa keledi. Sonıń ushın ata-ana jalǵız perzentin hesh kimge isenbey bárhama táshiwishte jasaydı.

Qaraqalpaq xalqı awıl sanınıń derlik kópshiligi kóp balalı shańaraq bolıp tabıladı. Ádette, úsh hám onnan da artıq balası bar shańaraq kóp balalı shańaraq dep ataladı.

Ata-anaları joqarı hám orta arnawlı maǵlıwmatqa iye shańaraqlarda, sol sebepli bolsa kerek, balalar tárbiyasına atası hám apası, ata hám ananıń shańaraq jumıslarına ańlı hám únemli paydalanadı. Dúnya xalıqları tariyxı hám mádeniy jetiskenliklerin tez-tez xabarlap turadı.

Shańaraq óziniń tariyxıy ótken dáwirinde uzaq hám quramalı joldı basıp ótken. Bul joldıń ózine tán uqsaslıqlarınıń biri jámiyettiń óz-ara baylanısı hám siyasiy wazıypalarınıń túpten ózgergenligi. Jámiyettiń siyasiy hám finans dúziminiń ózgeriwi shańaraqtıń islep shıǵarıwına, onıń óz ara baylanıs tárizine tásir kórsetedi. Ásirese jámiyettiń materiallıq texnika hám ruwxıylıq jolındaǵı ózgerisleri shańaraq nátiyjeleriniń ózgeriwine sebep bola aladı. Bunday ózgerisler shańaraq qurıw, mehir muxabbat, óz-ara doslıq hám perzent kóriwdi rejelestiriw óz nátiyjelerin tabadı.

Mámleketimiz shańaraqladı óziniń alıp baratuǵın siyasatı orayında alıp qaraydı. Sol sebepli imkaniyatlar sheńberinde materiallıq hám ruwxıylıq járdem beriwge májbúr.

Shańaraqtıń tárbiyası mektep jámiyetshiligi menen birge, is júritiw arqalı ámelge asırıladı. Shańaraqtıń eń kerekli tárepleriniń biri-insanlar áwladın kóbeytiw. Balalardı siyasiy dáwirge tayarlaw barısınla shańaraq málim dárejede siyasiy shólkemler menen jámiyet ortasında jumıs alıp barmaqta. Házirgi zaman shańaraqlarınıń tárbiyalıq wazıypaları túsinigine, balalardı tárbiyalaw túsinigine mısallar kóp. Bul túsinik tómendegilerdi óz ishine aladı. Ul balalardı ata hám jámiyet aǵzaları sıpatında shańaraq qurıwına tayarlaw. Ótkizilgen sociologiyalıq wazıypalarǵa kiriwshi kóp máseleler bar ekenligi atap ótiledi. Bul, ásirese, shańaraq tárbiyasınıń jańa tarmaqlarınıń júzege keliwi úrp-ádetler mazmunı boyınsha belgilenbekte. Solay etip, házirgi zaman shańaraqları jaslardı ilimiy dúnyaqarası, olardı estetikalıq tárepten tárbiyalawda tiykarǵı rol oynaydı. Sanalı ráwishte tárbiyalawdaǵı mazmunı, usılları úlken ózgerislerge ushıramaqta. Shańaraq tárbiyasınıń máselelerin sheshiw tiykarınan eki jol menen alıp barıladı. Bir tárepten shańaraq tárbiya pedagogikasınıń tiykarǵı bólimi sıpatında úyrenilmekte hám bul, biziń názerimizde, tuwrı jol. Ekinshi tárepten bolsa (ásirese keyingi eki on jıllıqta),

shańaraqqa sociologiyalıq hám filosofiyalıq kózqarastan da is júrgizilmekte. Gazetalarda járiya etilenindey, maqalalarda kerekli bólimge qızıqqan ilimpazlardıń shańaraq tárbiyası sıpatında siyasiy filosofiya menen shuǵıllanıp atırǵanlarǵa málim bolmaqta. Kóplep boljawshılardıń pikirinshe, balanı ata- anasınan (ásirese anasınan) uzaq waqıt ayırıp qoyıw onomal buzılıwlarǵa alıp keledi. Balanı dáslepki jıllarda (bes jasqa shekem) anasınan ayırıp qoyıw, onıń ǵamqorlıǵısız tárbiyalaw balanıń artta qalıwın júzege keltirip shıǵaradı. Aqılı tamanınan arqada qalıwı bolsa, óz náwbetinde, sanasınıń rawajlanıwına zıyan keltiredi.

Balalardıń–bala baqshasında uzaq waqıt bolıwı, olardıń kamalatına qızıǵıwına, dúnyaqarasına hám xarakterine tásir kórsetedi. Tilekke qarsı, házirgi kúnde ata-analardıń islep shıǵarıwda jámiyetlik hám mámleketlik jumıslarda kóplep shuǵıllanıwı, jumıs penen bánt bolıwı sebepli ózleriniń qanaatlandırarlı tárbiyalıq wazıypaların orınlay almawın tastıyıqlamaqta. Ósip kiyatırǵan jas áwlad shańaraq tárbiyası menen tıǵız baylanısta bolsa ǵana keleshegin támiyinlewi múmkin. Ata-analardıń balalarına kórsetilgen tárbiyalıq tásirleri maqsetinde qarama-qarsılıq jol qoyılǵan qáteleriniń aqıbeti bolıp esaplanadı. Shańaraqtı hár tárepleme úyreniw, olardıń túsiniklerin dawam etiw hám bahalaw maqsetinde kóplegen shańaraqlarda tábiyiy kózqaraslar gúzetiwler alıp barıladı.

Alıp barılǵan gúzetiwshiler nátiyjesinde tómendegi máselelerdi keltirip shıǵaradı:

Shańaraq máselelerin sheshiwshi túrde ámelge asırıwdıń biri-bala shaxsın kamalǵa jetkeriw ushın onı hár tárepleme úyreniw, sonday-aq. shańaraq tárbiyası usıllarına hám isleniwine dóretiwshilik penen qatnasta bolıw, onı ornalastırıw. Jaslardı hár tárepleme úyreniw, olardıń oqıwına, miynetke, óz-ózine, qorshaǵan átirapqa, insan ushın zárúr bolǵan sıpatlardıń eń kereklilerin ajırata alıwǵa úyretiw imkaniyatın beredi.

Ata-analar ortasında tárbiyaǵa tiyis bilimlerdi sińdirip barıw, ásirese, shańaraqta ul bala tárbiyasında qıyınshılıqqa ushırap atırǵan ata-analarǵa jámiyetlik járdemdi kúsheytiw lazım.

Shańaraqta ul bala tárbiyasında dóretiwshilikti qolǵa kiritken ata-analardıń tájiriybelerinen paydalanıw ushın olardıń mekteptiń keń kólemdegi jıynalıslarına, ata-analar jıynalasına mirát etiw hám óz tájiriybeleri menen ortaqlasıp, jolǵa qoyıw júdá zárúr. Olardan únemli paydalanıw ushın mekteplerde ata-analar kúnin belgilep alıw tiyis.

Ataǵa bolǵan muxabbat – bul birinshi náwbette, oǵan bolǵan húrmette óz ornın tabadı. Atanıń abırayı onıń ózine tán ekenligi menen belgili boladı. «maǵan usatıp isle» «men qanday islesem, sen de sonday isle» degen ózine tán qaǵıydalarǵa ámel qıladı. Názerimizde, ul bala qulqınıń ózine tán hám sonday qattı háreketlerdi óz

ishine aladı. Atanıń ırayı, solay etip, ata ulınıń óz pikirin múlayım etip alıwǵa umtıladı.

Balalar ruwxıy dúnyasınıń ózine tán mápleriniń biri úlkenlerdiń abıraylı ekenin úlgi dep biliwi, másláhát alıwı lazım bolǵan payıtta hár qanday járdemdi alıwǵa isenim payda boladı. Hesh qanday nárse balalarǵa úlgi kúshindey tásir kórsete almaydı. Úlgi kórsetiw tiykarǵı áhmiyetke iye. Shaxsiy úlgi bolsa - tárbiya alıw sıpatında ósip kiyatırǵan jas áwladtıń sanası hám qulqına tásir kórsetiwshi úlken jastaǵı adamlardıń qattı háreketleri hám basqa nátiyjeleriniń jıyındısı. Úlkenlerdiń úlgisi sıpatında olardıń tárbiyalıq tásiri sonıń ushın da kerekli.

Balalar ruwxınıń ózine tán múnásibetleriniń kóbinshe ózi sezbegen halda óz aldına úlgi alsa arzıytuǵın, mısal qılıwǵa ılayıq birden-bir shaxs bolıwın júdá qáleydi.

Átirapımızdaǵı orap turǵan námálim nárse hám hádiyseler reń-báreń álem menen tanısıwda bala úlkenlerdiń járdemine tábiyiy jútájin sezedi. Jeterli dárejede bilim hám tájriybe joqlıǵı sebepli olar úlkenlerdiń máselelerine hám qatań háreketlerine sińisip baslaydı. Jaslardıń úlkeyip barıwı menen úlkenlerge úlgi qılıp hám ózgerip, máni sarıplap barıladı. Máselen, óspirim endi úlkenlerdiń qulqı hám máselelerin anıq bahalay baslaydı. Nátiyjede, olardıń ol yaki bul is-háreketlerin olar túsingenlikten, endi hámme waqıt da tásir qıla bermeydi. Ózi ushın maqul bolǵan qatal háreketlerin ǵana túsinip alıp qabıllaydı. Úlgi sıpatında úlken jastaǵı kisilerdiń abroyı balalar qulqı hám de xarakteriniń hár qıylı bolıwına júdá kúshli tásir etedi. Shańaraq tárbiyasında, ásirese qaraqalpaq shańaraqlarında, ata-ananıń roli oǵada úlken. Sonıń ushın shańaraqta hámme waqıt ata balalarınıń turmıs tájriybesinde haqıyqıy tayanıshı bolıp kelgen.

Sol sebepli shańaraqtaǵı ul bala bárqulla atasına qarap ósiwge umtıladı. Xalqımızdıń dana máslahatlerinde ul bala tárbiyasında atanıń roli úlken. Ata-ana úlgisi balalar ushın kórgizbeli dáwir dástúri. Ata-anaǵa, ana miynetine, jámiyetke, jámiyet aǵzalarına bolǵan múnásibetinde bala júreginde jaqsılıq yamasa jamanlıq maqul yaki maqul emes isleri haqqında dáslepki túsiniklerin sırtqa shıǵaradı. Maqsetsiz tárbiya nátiyjelerin esapqa almastan qılınǵan ata-analar miyneti bári bir isenimsizlik penen tamam boladı. Awızeki sózler emes, bálki, sanalı, oylap islengen isler bala kewline sana sezimine barıp jetedi.

Ul bala kóp waqtın óz shańaraǵı ortasında ótkizedi hám úlkenlerdiń qılıqlarındaǵı ózine tán kerekli nárselerdi ańsat ǵana qabıl etedi. Bul qılıq hám háreketlerdi óz dáwirinde tákirarlaydı. Soraǵan waqıtta «papam sonday qıladı», «Anam mınaday degen» dep dálilleydi. Apam usılay úyretti hám taǵı da basqa degenlerin esitiwimiz múmkin.

Shańaraq átirapı bul qanday nátiyjeden alınǵan tárbiya waqıtları emes, bálki, ata-analardıń hám úlken jastaǵı adamlardıń hár tárepleme alıp barılǵan jumısları

nátiyjeleri, shańaraq aǵzalarınıń óz ara baylanıs múnásibetleriniń jıyındısı hám úlkenlerdiń dóretiwshilik islerinde tásir kórsetiwindegi úlgisiniń nátiyjesi.

Maqsetke muwapıq ata-analar balaları menen jaman múnásibette bolmaytuǵın, bir-birin túsinetuǵın, húrmet qılatuǵın ullarınıń úlkeyip, kamal tabıwın durıs baqlap baratuǵın tárbiyalıq tásiriniń isi hám usıllarınıń tuwrı, únemli paydalanǵan shańaraqlardaǵı kamal tabadı.

Balalarǵa ata-ananıń is háreketleri ǵana emes, ullar bálkim, awızeki sóylewde, soraw-juwapları da tásir qıladı. Ata-ana óz ara jánjellesip tursa, qońsıları menen kelise almasa, bir-birinen bolar-bolmas ǵana nárselerdi talap qılsa, bunday tárbiya jaqsı nátiyje bermeydi, kerisinshe, balanıń ata-anaǵa degen isenimin joǵaltadı. Sóz qúdretke, kúshke iye. Jumsaq, mehribanlıq penen aytılǵan sóz sonday qúdiretli kúsh, hátteki onıń menen jaza da teńlese almaydı.

Shańaraqtaǵı tatıwlıq, óz ara húrmet, mehir-muxabbat, kelisiwshilik ata-ana menen balalar ortasında ruwxıy talaptı júzege keltiredi, olardıń ósiwine jaqsı tásir kórsetedi.

Insan tárbiyasın hár tárepleme kamal taptırıw, óz ara járdem, doslıq múnásibetlerin jáne de jaqsılaw shańaraq hám siyasiy dáwirde hadallıq, mulayımlılıq hám rasgóylik sıyaqlı ruwxıy aqıllı insanlarǵa tán bolǵan sıpatlardı jáne de tereńlestiriw tiykarında olardıń  siyasiy tároplerin oylaw-dáwirimizdiń eń kerek jumıslarınıń biri bolıp esaplanadı.

Mámleketimizde balalar, analar haqqında ǵamqorlıq etiw- mámleketlik áhmiyetke iye jumıs. «Jaqsı nárseler – balalarǵa»[1] siyasatı  jáne de balalarǵa qaratılmaqta. Keyingi waqıtlarda  usı másele boyınsha qabıl etilgen qararlar pikirimizdiń dáliyli.

Bizlerge málim, bala mektepke kelgennen baslap-aq, tiykarınan shańaraqta tárbiyalanadı. Shańaraq mámleketimizdiń tiykarǵı máselesi sıpatında balanıń dúnya qarası, minez-qulqı hám dinniń tásir kórsetiwi- tábiyiy hal. Shańaraq aǵzalarınıń birligi jaslardıń hár tárepleme kamal taptırıwdıń dáslepki hám tiykarǵı belgileriniń biri bolıp esaplanadı.

Balalardıń bárkamal insan bolıp jetisiwinde mekteptiń shańaraq penen bekkem baylanıspay turıp, tárbiya bólimlerinde nátiyjeli islerdi muwapıqlı iske asırıp bolmaydı. Sol maqsette ata-analar ortasında tálim-tárbiyaǵa tiyis jumısların keńeyttiriw olardı mekteptiń hadal járdemshilerine, oqıwshılardıń mektepten tısqarı islerinde hár tárepleme paydalı jumıslarına aylandırıwımız múmkin.

Jámiyettiń jaqsı rawajlanıwı is túrleriniń júdá quramalasıp barıwı insan ańına kórsetilip atırǵan kórinbes tásirleriniń kúsheyiwine alıp kelmekte. Mine, sonday sharayatta kisiniń bergen bilimi kásip óneri, bilimleri kemlik etip qalmaqta. Eń dáslep

[1] Мунавваров А.К. Оила педагогикаси. Т., 1994.

insanlarda shańaraqlarda payda bolǵan parasat, aqıl, ádep, emocionallıqqa mútájlik sezilmekte.

Estetikalıq tárbiya kúndelikli turmıs talaplarına aylanıp barmaqta. Tábiyiy, bunday sıpatlarǵa shańaraq tárbiyası arqalı tiykar salınadı. Tuwrı, bunday siyasiy tárbiyanıń ornın biykarlap bolmaydı. Áne, sol tárizden olardıń birligine, óz-ara birgelikte tiykarlanatuǵın kámil insan tárbiyasında jeńislerge erisiw múmkin. Shańaraq tárbiyası pedagogika páninde quramalı máselelerdiń biri. Onıń quramalılıǵı sonday, hár bir shańaraq ózine tán pidayı topar bolıp, tárbiyada tek ǵana bilimli toparlarǵa tiykarlanǵan. Mısal keltirip ótkenimizdey, shańaraq tárbiyası siyasiy tárbiya menen almastırılıp, balalardıń rawajlanıwına keskin tásir kórsetedi, máselen, baqshalarǵa barmay, tek ǵana shańaraqta ósken hám kamalǵa jetken balalar mektepke barǵan waqıtlarda óz qatarları ishinde kóp tárepleme ajıralıp turadı. Shańaraqtıń balalarǵa ruwxıylıq hám materiallıq ǵamqorlıǵın, kórsetilip atırǵan tárbiyasın yasli, baqsha tárbiyası menen yaki, kerisinshe, yasli, baqsha tárbiyası shańaraq tárbiyası menen almastırıp bolmaydı. Tek ǵana óz ara ǵamqorlıq máseleni siyasiy sheshe alıw imkaniyatın beredi. Ámelde izertlenip atırǵanınday, bala da ata-anasınıń mehri, erkeliwi tiykarında ata-analarǵa, tuwǵan-tuwısqanlarına bolǵan tuyǵıların bile aladı. Balanıń atasına bolǵan húrmeti ananı tereń húrmet etiwdi tiykarlaydı. Ataǵa bolǵan mehir-muxabbat aqıbeti nátiyjede óz shańaraǵınıń hayalı perzentlerine bolǵan menásibetleriniń óz nátiyjesin tabadı.

Ekinshi tárepten, balalar da óz ata-analarına tásir kórsetedi. Ata-analardıń ózine tán balalarına bolǵan talapshańlıǵı, úlken hám kishilerge óz ara múnásibetleri, doslarınıń isenimi hám óz ara bir-birin túsiniw mektep hám jámiyettiń balalar tárbiyası ústinde alıp barılıwı tiyis jumıslarınıń biri. Bunday birliktiń júzege shıǵıwında eń dáslep ata-ananıń siyasiy ańlılıǵı ózine tán rol oynaydı. Sonday ata-analardıń iskerligi shańaraq turmısında óz ornın tabadı. Sol mánide, balalar óz ata-analarınıń siyasiy hám puxaralıq qábiletlerine qarap, óz huqıqların tártipke saladı, húrmet etedi. Balalar úlkeyip baslanıwınan-aq óz ata-analarınıń qay jerde islewin, jámiyette tutqan orınları, olardıń bilimine qızıǵa baslaydı. Sonıń ushın da ata-ananıń nelerge qızıǵıwın, kimler menen dos ekenligin balalar múmkinshiligi bolǵanınsha erterek bilgeni maqul.

# III. QARAQALPAQ SHAŃARAQLARÍNDAǴÍ UL BALALAR TÁRBIYASÍNDA XALÍQ PEDAGOGIKASÍNAN PAYDALANÍW

Qaraqalpaq shańaraqlarında balalar tárbiyası ushın imkaniyatlar sheńberi anaǵurlım keń bolıp, kóplep shańaraqlarımız materiallıq jaqtan jaqsı támiyinlengen. Ata-ananıń kóshiligi orta maǵlıwmatlı. Bunday payıtlar ata-ananıń pedagogika, psixologiya bólimlerindegi qurallanıwındaǵı hám mektep penen birgelikte balalar tárbiyasın jaqsılaw imkaniyatların jaratadı.

Ata-ananıń bilim dárejesi ulıwma tárbiyaǵa tán mádeniyatı, siyasiy umtılıwları hám talapları, balalar tárbiyasına qaratılǵan túrli múnásibetlerin keltirip shıǵarılǵan ómir tájiriybeleri, tárbiya hám siyasat nátiyjesinde payda boladı. Isenim shańaraqtaǵı ózine uqsaslıq balalar tárbiyasına salmaqlı tásir kórsetedi. Kóplegen qaraqalpaq awılındaǵı shańaraqlarında málim dárejede balalar tárbiyası ústinde jámiyetshilik járdemine qaramastan tárbiyalıq kúshleriniń bir pútinligine erisilmegen, óz ara birlikti qanday etiw múmkinshiligi haqqında maǵlıwmat jeterli emes.

Oqıtıwshılar klasta ata-analar májlisiniń ótkiziliwi mektep hám shańaraq birligin támiyinleydi dep oylaydı. Tuwrı, ata-analar májilisi -awızbirshilikti támiyinlewshi eń tiyisli is-sharalardıń biri. Olardı birlestiriw ushın arnawlı jıynalatuǵın oray bolıwı kerek. Ata-analar menen sóylesiw nátiyjesinde sol nárse anıqlanadı, olar perzentleri 15-16 jasǵa jetkende ǵana: «Ulım joqarı klasta oqımaqta. Keleshekte qay jerge jibersem eken? Qay jerde oqıtsam eken»[2] degen pikirge baradı. Imkanı barınsha, tanıs-bilis arqalı ózleri ushın málim bolǵan jerge jaylastırmaqshı boladı. Olar balasınıń qábiletine de, qızıǵıwshılıǵına da itibar bermeydi. Bunday jaǵday ata-ananıń tárbiya máselelerine anıq maqset hám dástúr joqlıǵı aqıbetinde qıyın ekenligin biledi.

Ózbekstan respublikası ǵárezsizlikke eriskennen keyin tariyxıy haqıyqat hám ádalattı tiklew ushın ulıwma xalıq jobasın basladı. Mıń jıllar dawamında xalqımız janı hám qanına aylanǵan ruwxıy durdanalarǵa jańasha kózqaraslar qarala baslandı.

Milliy talaplardıń kóteriliwi kerekligi aytıp ótildi, bir sóz benen aytqanda, zorlıq hám sanasızlıq aqıbetinde berilgen eziwshilik dárejeleriniń kózin talawǵa kiristi. Ilgerileri milliy talaplarǵa hám dástúrlerge jaqsı qaradı. Onıń tárbiyalıq ǵáziynelerinen qanday da «illet» izlendi. Tatıwlıq xalıq talaplarınıń biri. Bazı úrp-ádetlerge, dástúrlerge diniy túsinik berilip, ómir tárizlerinen sıpırılıp taslandı.

Ata-babalarımızdıń qımbatlı násiyatları, nuraniylar biziń tayanıshımız ekenliginiń tárbiyalıq áhmiyeti itibardan shette qala basladı. Evropasha turmıs táriziniń bir yarım mıń jıllıq musılman sharayatı qaǵıydaları tiykarında turmıs keshirip kelgen xalqımız ómiri arqalı túsinip alıwı xalqımız sanasında hám

---

[2] Мунавваров А.К. Ойла педагогикаси. Т., qoor, et-ey-бетлер.

turmısında zıyanlar keltirip shıǵardı. Xalıq eki ot aralıǵında kúyip jandı, bir tárepte ata-babalardıń mıń jıllardan berli ámel qılıp kiyatırǵan úrip-ádetleri toylar, bayramlar. Ekinshi tárepten buyrıqpazlıq, «siyasiy ziyreklik» tiykarında zorlap islengen Evropa mádeniy turmısın tezirek kónliktiriw ushın bir yarım mıń jıllıq tariyx, miyras bolǵan álipbe de tez arada ózgertildi. Arab álipbesinde jazılǵan kitaplardıń hámmesin diniy dep joq etildi.

Qullası, xalıqtıń unamlı urp-ádetleri hám dástúrleri, ruwxıy ǵáziynesi de, ayırıqsha pikirletushi xalıq perzentleri de joq etildi. Tiykarsız ráwishte umıtılıp jiberilgen ásirler bayı qádiriyatılarmızdı tiklewge urınbaqtamız. Xalıq dástúrleri mádeniyatımızdıń bir bólimi sıpatında kiyatırǵan adamlar jámiyet ushın shın kewilden xızmet qılıwın unatamız.

Tárbiya jumıslarında xalqımızdıń eń ilgeri dáwirleride óziniń qálegen dástúrleri shańaraq, mektep hám miynet jámiyetin qollaw, olardan paydalanıw cıyaqlı wazıypalar barqulla arnawlı mashqalalar bolıp kelgen. Sol kúnlerde, ásirese, watandı súyiwshilik, milletler ara doslıq, ekologiyalıq tárbiyaǵa usaǵan dástúrlerdi shańaraq tárbiya tárepine málim etip, házirgi áwlad adamların xalıq pedagogikasınıń xalıqtıń kórsetpeleri tiykarında tárbiyalawdı keńnen qollanıw ámeliy tárepten tiykarǵı baǵdardı qollamaqta.

Dúnyada neshe millet, neshe xalıq bolsa, hámmesiniń ózine tán turmıs tárizi, ótmish dáwiri hám keleshegi bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Qaraqalpaq xalqınıń úrp-ádetleri shańaraqtıń bir-birewi menen qatnası, tálim-tárbiya, mádeniyat dástúrlerin muzeyden uzaq-uzaq ásirlerge barıp taqalǵanın kóremiz. Házirgi hám keleshek áwlad kisileriniń olardı tereń biliw ruwxıylıqtıń maǵızı ekenligine derek beredi. Bul bárha hámme áwlad tamanınan bildirip ótilgen haqıyqat. Sol mánide qaraqalpaq xalqınıń shańaraqları, dástúrleri qádirli, qımbatlı hám áziz.

Olarǵa tek ǵana mazmunına baylanıslı qızıǵıp qoymastan, bálki, balalar hám jaslardı miynetke úyretiwdegi tárbiya usılları menen ómiri qızıq. Jańa dáwir, jańa sharayatta olar jańasha mazmun menen bayıp baradı. Orta Aziyanıń basqa xalıqlarında bolǵanı sıyaqlı, qaraqalpaq xalqınıń aldıńǵı turmısı haqqında sóz ketkende, úlken oqıw orınlarınıń bolmaǵanı haqqında kóp sóz etiledi. Bul faktti itibarǵa almaǵan halda, basqa shıǵıs xalıqları sıyaqlı qaraqalpaq xalqı da áwladlar tárbiyasına tásir etiwshi adamlardıń insanıylıq jaqsılıqqa jeteklewshi «xalıq institutları» bolǵanın, olardıń xalıqqa tásir etiwshi ideyanıń úlken kúshi bolǵanın aytıp ótpekshimiz. Biz ázel-ázelden xalqımızda kópshiliktiń qatnasıwı menen ótetuǵın shembilikler, balalardıń túrli oyınları, balalar dóretiwshiligi, shayxana sáwbetlesiwleri, ushırasıwlar, zıyapatlar, geshtekler, toy hám merekeler, máwsim bayramları, qonaq kútiw sıyaqlı kóplegen máresimlerdi názerde tutamız. Xalıq pedogogikasınıń ólmesligi ushın onıń áwladtan-áwladqa jetkiziwdiń bir túri hátteki xalqımızdıń házirgidey waqıyalarına iye bolǵan áyyemgi zamanlarda da xalıq

pedogogikası, awızeki dóretiwshiligi menen tárbiyalanıp kelgen. Onıń tárbiyalıq tásiri balalarına ana háyyiwi menen sińdirip barılǵan.

Shıǵıs xalıqları Batıstaǵı xalıqlar menen salıstırǵanda máselen, qaraqalpaqlar balalar tárbiyasına biyparwa qaramaǵan. Turmıstaǵı hár qanday háreketler tuwrı bahalanǵan. «Jaman boladı» tárbiyası arqalı úlkenlerge húrmet-izzet, adamlardı ǵamqorlıqqa tárbiyalaǵan. Solay etip, balalarǵa, basına músiybet túsken adamlarǵa zıyan jetkizilmegen. Ataǵa tik qaraw, olarǵa teris juwap beriw, qızlarǵa, ulıwma hayal-qızlarǵa, húrmetsizlik qılıw «jaman boladı» jaslayınan túsindirilip barıladı. Bunda balanıń is-háreketine qaray, Quraniy Kárim hádiyselerinen mısallar keltiriw, ertekler aytıp beriw, arqalı alıp barılsa, ayırım jastaǵı balalar ata-ana, aǵa-ini, apa-cińli, qońsılardıń dóretiwshiligi úlgisinde tárbiyalanadı. Bunday pazıyletler bala óz sanasın sezbesten, sóylewdi bilmesten aldın, ata-analardıń turmıs tárizinde payda boladı. Mısalı: musılman perzent quyash shıqqansha uyıqlasa, «jaman boladı», yaǵnıy erte azanda esik ashılmasa bolmaydı. Xalqımız óziniń dástúriy tárbiyası usıllarında balalardan úlkenlerge birinshi barıp sálem beriwin, úlkenler sóylesip atırǵanǵanda olarǵa aralaspawı, olarǵa, yaqshı» – dep sorawlarına juwap qaytarıwı. Úlkenler orınlarına barmastan aldın otırmawı kerek ekenligin balalarǵa úyretip kelgen. Ul balalardıń xarakterleri, júdá shaqqan, biraq hesh qashan bir jaqlama bolmawı tiyis.

Ul balanıń háreketleri jas waqıttan-aq baqlanıp barıladı. Sol sebepleri uldıń háreketleri ǵana emes, bálki, minezi de izertlenip barıladı. Ul bala ayaqları menen tez-tez qádem taslaydı.

Qaraqalpaq shańaraqlarında ul balalardı, birinshi náwbette, ata-anaǵa, úlkenlerge húrmette bolıwı ruwxında tárbiyalanıp úyretilgen, sonıń ushın da olar hár qashan sezgir, ǵayratlı bolǵan. Ásirese, miymanlar aldında ádeplilikti saqlaǵan. Olar jas waqıtlarındaǵı belgilengen minez-ádebine úyretilip barılǵan. Úlkenler menen bolǵan múnásibetlerde ózlerin ul balalar awır-salmaqlı tutıwǵa, berilgen sorawlarǵa erkekshe etip juwap qaytarıwǵa, márt, qaharman, hesh nárseden qaytpaytuǵın. ǵayratlı etip tárbiyalawǵa qaratǵan. Áyyemgi zamanlardan berli ul bala tárbiyası menen tiykarınan, atası shuǵıllanǵan. Atalar paydalı miynetke keń talap etiliw múnásibeti menen qaraqalpaq shańaraqlarında ata-ananıń tárbiya wazıypalarında qayta tárbiyalap kamalǵa keltiredi. Xalqımız miynetti bas tárbiyashı dep ataydı. Sebebi insan tárbiyası tiykarınan miynetke qarap belgileniwi múmkin. Miynet-turmıs girewi. Miynet dástúriniń tárbiyalıq áhmiyeti úlkenligin umıtpaw kerek. Sonday-aq miynetke múnásibeti hám onnan qarar shıǵarıw jas áwlad tárbiyasınıń tiykarı bolıp esaplanadı. Miynet jaslardı turmıs kónlikpelerine tayarlawda úlken rol oynaydı. Jasaw tárizin úyreniw ushın da miynet dástúrlerin úyreniw lazım. Sonday-aq, miynet dástúrleri tamanınan adamnıń aqılı sıpatında jaslar suwdı ısırap etpew, saqıylıq, hár bir som puldıń qádirine jetiw, qaharmanlıq, miynet baxıt keltiriwin ańlay biledi.

Balalardıń miynetke muxabbat qoyıp ósiwinde shańaraqtaǵı tárbiya júdá úlken rol oynaydı. Bunda ata-analar, bárshe shańaraq aǵzalarınıń xızmeti óz aldına. Insannıń aqıllı bolıp tárbiyalanıwında miynet súyiwshilik, ilimge umtılıw, óz xalqınıń dástúrlerin húrmet qılıw, óz watanına sadıqlıq, onı dushpanlardan qorǵaw sıyaqlı tárbiya kórinisleri menen jaslar kamal tabadı. Qaraqalpaq shańaraqlarında ul balalardıń miynetke mehir qoyıwǵa áwelden úlkenler úlgi kórsetip kelgen. Ul balalar egin egiw, onı tárbiyalaw mallardı baǵıw  qusaǵan jumıslardı ámelge asırǵan. Shańaraq aǵzalarınıń jetistirgen awıl xojalıq ónimlerin jıynawda, ásirese paxta, palız eginlerin jıynawda, júzim hám miywe, tereklerdiń ónimlerin jıynap-terip alıwda úlken-kishiler miynet etedi.

Xalıq pedagogikasında tárbiyalawdıń túrli jol hám usılları, basqıshları belgili. Bunday jol hám usıllar shende-shen bolıp, ol tek ǵana tárbiyashınıń is baǵdarına baylanıslı bolmastan, bálki, balalardıń ózine tán usıllarınıń tiykarları bolıp esaplanadı. Bul jol hám usıllar xalıq dóretiwshiliginiń belgileri- xalıq ertekleri. Máselen: bir ertekte ata balanı miynetke sonday qızıqtıradı, onıń insaniy úlgisi menen óneriniń paydalı ekenligin ertek retinde turmısqa tayarlaydı, tárbiyalaydı. Úlgi sıpatında tárbiyalanıw, úlkenlerdiń násiyatın sanasına sińdirip alsa, keleshekte ol baladan jaqsı nátiyjeler kútiwge boladı.

Qaraqalpaq shańaraqlarında itibarǵa ılayıq jaqsı úrp-ádetlerdiń jáne biri sonday, olar ul balalardı jas waqtınan-aq ónerge, málim bir kásipke baǵdarlap, ulıwma miynetke úyretip baradı. Kóp shańaraqlarda jaslardı, birinshi gezekte, ózi qálegen ónerli bolıwına háreket etedi. Házir kóp shańaraqlarda balalardıń mektepte jaqsı oqıwı, keleshekte eń bir joqarı oqıw ornına kirip oqıwǵa háreket etedi. Lekin, sonday shańaraqlar da bar, olarǵa áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan dástúriy ónerleri, kásipleri belgili: zergerlik, mısgerlik, ustashılıq hám t.b. Bunday shańaraqtaǵı balalardıń hámmesi jaqsı oqıǵan joqarı maǵlıwmatlı bolsa da, shańaraqtıń ónerin de jaqsı iyelewi, el ishinde abırayı asqan jigittiń óner iyelewi qayırlı is ekenligin xalıq awızeki dóretiwshiligi materiallarınan da óz áhmiyetin  tapqan. Kópshilik shańaraqlarda analar úy bekesi sıpatında úy xojalıǵı jumısları menen bánt hám balalar tárbiyası menen shuǵıllanadı. Shańaraq basshıları shańaraq qárejetin toltırıw ushın qosımsha jumıs tabadı. Shańaraqta kásip-óner iyelew dástúri dawam ettiriletuǵın jumıs. Bunday dásturler ámelge asırılıp atırǵan shańaraqlardan xalıq xojalıǵınıń túrli tarawları ushın jaqsı kadrlar jetilisip shıqpaqta. Jumısqa kelgen orınlarında olar qıyınshılıqtı bilmeydi. Adamlar menen múnásibeti de, kásipke tiyisli jańalıqlardı sorawda, olardıń qızıǵıwshılıǵın payda etedi.

Qaraqalpaq shańaraqlarında jas áwladtıń doslıq, aqıllılıq birlik ruwxında tárbiyalanıwı ázelden úlken áhmiyetke iye. Xalıqtıń eń aldıńǵı wákilleri doslıqtı bárqulla qádirlep kelgen. Xalıq: «Dossız basım- duzsız asım» degen. Dostınıń basına

qıyın awhal túskende járdem kórsetiw sıyaqlı jaqsı islerdi isleydi. Xalıq nahaqlıqtı bárqulla qaralap kelgen.

Házirgi kúnde, bir tárepten, ótmishte payda bolǵan dástúrlerdi ózlestiriw, turmıstı bastan keshiriw kúsheyip baratırǵan bolsa, ekinshi tárepten, xalıqtıń materiallıq, siyasiy qızıǵıwlarında tiykarınan qaraqalpaq shańaraqlarınıń turmıs tárizin ózinde tayarlawshı jańa mashqalalar, úrp-ádetler, máseleler, dástúrler dúnyaǵa kelmekte. Bunday dástúrler shańaraq tárbiyası menen baylanıslı hám tárbiyalıq qádiriyatqa iye bolǵan kóplegen dástúrler bizge belgili.

## JUWMAQLAW

Metodikalıq qollanbanıń kirisiw bóliminde shańaraqtaǵı ul bala tárbiyasınıń áhmiyeti, wazıypaları haqqında sóz etiledi.

Birinshi bóliminde shańaraqta ul bala tárbiyasınıń házirgi zaman mashqalaları, olardı sheshiw jolları, sonıń menen birge ata-analardıń ul bala tárbiyasındaǵı tutqan ornı haqqında sóz etiledi.

Ekinshi bóliminde házirgi zaman qaraqalpaq shańaraqlarındaǵı ul balalar tárbiyası haqqında sóz bolıp, onda ul balalardıń minez-qulqın úyreniw, ata-analardıń balalar tárbiyasına tán bilim beriw, sonıń menen birge ul bala tárbiyasınıń ózine tán ózgeshelikleri haqqında jazılǵan.

Úshinshi bólimde qaraqalpaq shańaraqlarında ul bala tárbiyasına tásir etiwshi milliy úrp-ádetler, ul bala tárbiyasında ata-analardıń xalıq pedagogikasınan paydalanıwı haqqında sóz barıladı.

Bul jumıs arqalı shańaraqta ul balalar tárbiyasındaǵı mashqalalardı sheshiw názerde tutılǵan:

1. Shańaraqta ul balalar tárbiyasınıń turaqlılıǵın támiyinlew.

2. Shańaraqta ádep-ikramlılıq tárbiyasın mektep tárbiyası menen baylanıstırıp barıw.

3. Shańaraqtıń social zárúrliklerin esapqa alıp, tárbiya islerin júrgiziw.

4. Shańaraqta pedagogikalıq túsiniklerdi xalıq awız-eki dóretpeleri negizinen paydalanıw arqalı tárbiyalıq islerdi júrgiziw.

5. Ata-analardı Orta Aziya allamalarınıń miynetleri menen tanıstırıw.

6. Óspirimler etikasın úyreniw, hám úyretiw.

7. Ul balalardı sociallıq turmısqa tayarlawdı úyreniw hám onı tallaw.

8. Shańaraq turmısın milliy úrp-ádet dástúrleri menen baylanıstırıw.

Házirgi dáwir tárbiyadan kóp nárseni, tınbay islewdi, izleniwdi, úyreniwdi, shańaraqlarda balalardı durıs tárbiyalawdı talap etedi.

Insan óz aldına qoyǵan maqsetine jetiw ushın tınımsız miynet eter eken, bul ushın eń aldı menen onda bekkem shıdamlılıq bolıw kerek.

Demek, biz tárbiyalıq islerimizdiń tiykarǵı baǵdarın balalar tárbiyasına, onıń shaxs sıpatında qáliplesiwine, jámiyette óz ornın tabıwına qaratamız.

Bala tárbiyalaw mádeniyatındaǵı kemshiliklerdi óz waqtında sezip, olardıń orınların toltırıw islerin izlew hám jaqsı is júritip, tárbiyalıq tásir ótkeriw arqalı, gúmansız, jaqsı nátiyjelerge erisiw múmkin. Bunıń ushın da pedagogika pánlerine tiykarlanǵan halda is dúritiw gózlengen maqsetke jetekleydi.

Ataqlı chex pedagogi Yan Amos Komenskiy «shańaraq-ikramlılıq orayı», ananıń perzentine beretuǵın mehri onıń júreginde pútkil insaniyatqa bolǵan mehir-muxabbatın payda qıladı, dep aytqan edi. Álbette, Analar – ullı insan. Perzentin

dúnyaǵa keltirip, túnlerin uyqısız ótkerip, kishkeneliginen aq juwıp, aq taraǵan, qarnın toydırıp, kesel bolıp qalsa, jan-átirapında párwana bolǵan, aqıl-esi, ádebi, jaqsı insanlar qatarına qosıw ushın Anna-ullı insandur. Sol sebepli, biz ananı tábiyatqa, watanımızǵa teńep, Ana – tábiyat, Ana – Watan deymiz. Sebebi, biz anamız qoynında quwanıshlı ósken bolsaq, Ana-tábiyat, Ana – diyar qoynında da sonshaia quwanıshta ósemiz, erkin jasaymız.

Juwmaqlap aytqanda, hár qanday shańaraqta balalar tárbiyasına, ásirese, ul balalardıń ádep-ikramlı, kórgenli, intizamlı bolıwǵa úyretiw menen birge, belgili kásipke baǵdarlaw da tereń áhmiyetke iye.

## Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi


1. Karimov I.A. Ozbekistonning oz istiqlol va taraqqiyot yoli. T. «Ozbekiston», 1992.
2. Karimov I.A. Barkamol avlod – ozbekiston taraqqiyetining poydevori. Toshkent, 1997.
3. Aqnazarov B. Klass jetekshisi. Almatı, «Mektep», 1975.
4. Bogdanova O.S., Petrova V.I. Baslawısh klasslardaǵı tárbiya jumıslarınıń metodikası. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1989.
5. Volikova T.V. Uchitel i semya. Moskva, 1989.
6. Vorobev A.I. Mehnat talimi va kasb tanlashga ywllash metodikasi. Toshkent, «Wqituvchi», 1980.
7. Dembinskiy S.I., Kuzmenko V.I. Wrta maktabda chizmachilik wqitish metodikasi. Toshkent, «Wqituvchi», 1973.
8. Inamova M. Oylada bolalarning manaviy-ahloqiy tarbiyasi. Toshkent, 1999.
9. Gaybullaev N. h.t.b. «Pedagogika». Toshkent, 1997.
10. Mavlenova R. hám t.b. Pedagogika. Toshkent, 2001.
11. Munavvarov A.K. Oyla pedagogikasi. Toshkent, «Wqituvchi», 1994.
12. Mirtursinov Z. Wzbek xalq pedagogikasi. Toshkent, 1973.
13. Rahmanov I. Chizmalarni chizish va wqish. Toshkent, «Wqituvchi», 1992.
14. Ochilov Z. Sinfdan tashqari tarbiyaviy ishlarda kasbga ywllashni shakllantirish. Toshkent, «Wqituvchi», 1996.
15. Okoneshnikov V.N. Chizmachilik xonasi. Moskva, «Prosveshenie», 1984.
16. Oripov B.N. Tasviriy sanat samaradorligini oshirish omillari. Toshkent, «Wqituvchi», 1978.
17. Saparbaev T. Nravstvennoe vospitanie mladshix shkolnikov sredstvami ustnogo narodnogo tvorchestva. AKD. Tashkent, 1998.
18. Solixiddinov. Bolalar va wsmirlar gigienasi. Toshkent, 1991.
19. Tájimuratov.Á Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. Nókis, 1996.
20. Qayırbaev J., Saparbaev T. Oqıwshılarǵa qaraqalpaq xalıq ertekleri arqalı ádep-ikramlılıq tárbiyasın beriw (metodikalıq qollanba). Nókis, 2001.
21. Xoshimov Q. v. h.t.b. Pedagogika tarixi. Toshkent, 1966.

Mazmunı

Kirisiw………………………………………………………………………. **3**
I. Qaraqalpaq shańaraqlarında bala tárbiyası mashqalası hám onıń ámelge asırılıwı……………………………………………………………………… **7**
II. Qaraqalpaq shańaraqlarındaǵı ul balalar tárbiyasınıń ózine tánligi………… **13**
III. Qaraqalpaq shańaraqlarındaǵı ul balalar tárbiyasında xalıq pedogogikasınan paydalanıw……………………………………………….. **19**
Juwmaq………………………………………………………………………. **24**
Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi……………………………………………... **26**

***T.Saparbaev*** - Ájiniyaz atındağı NMPIdiń pedagogika kafedrası oqıtıwshısı docenti, p.i.k.

***T.Baynazarov*** - Ájiniyaz atındağı NMPIdiń baslawısh ta'lim kafedrası oqıtıwshısı

***Bas redaktor:*** Q. M. Qoshanov
***Tex. redaktor:*** *H*. K. Shamuratova
***Korrektor:*** Z. B. Baltabaeva
***Operator:*** N. Nısanbaev

**Ajiniyaz atındagı NMPI redakciya-baspa bólimi**

**Ajiniyaz atındagı NMPI baspaxanasında basılgan. 2019-j.**
**Buyırtpa №0107 Nusqası 50 dana. Formatı 60x84. Kólemi 1,75 b.t.**
**230105, Nókis qalası, Seytov koshesi n\j. Reestr №11-3084**